**दिन–बुधवार** **दिनांक–13.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ प्रधानमंत्री सामाजिक उत्थान आ रोजगार आधारित जन कल्यानक–पीएम–सूरज राष्ट्रीय पोर्टल लाँच कयलनि आ वंचित समुदाय सभक एक लाख उद्यमी लोकनिक लेल ऋण सहायता के स्वीकृति देलनि। श्री मोदी कहलनि जे एहि पोर्टल के माध्यम सँ वंचित समुदायक लोक सभ के आब सोझे आर्थिक सहायता देल जा सकत। प्रधानमंत्री नेशनल एक्शन फॉर मैकेनाइज्ड सैनिटेशन इकोसिस्टम–नमस्ते के अंतर्गत सीवर आ सेप्टिक टैंक श्रमिक सभ के आयुष्मान स्वास्थ्य कार्ड आ पीपीई किट वितरित कयलनि। प्रधानमंत्री वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ अनुसूचित जाति पिछड़ा वर्ग आ स्वच्छता कर्मी सहित वंचित वर्ग के विभिन्न सरकारी योजना सभक लाभार्थी लोकनिक संग वार्ता सेहो कयलनि। एहि कार्यक्रम के बिहार सहित देशभरि के चारि सय सतरि सँ बेसी जिला सभ सँ वंचित समूहक विभिन्न सरकारी योजना सभक लगभग तीन लाख लाभार्थी भाग लेलनि।

---

भाजपाक बिहार प्रभारी विनोद तावड़े कहलनि अछि जे राज्य मे एनडीए के घटक दल सभक मध्य सीट के बंटबारा के लऽकऽ कोनो प्रकारक कोनो विवाद नहि अछि। आइ नव दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री तावड़े कहलनि जे अगिला चौबीस घंटा मे पूरा परिदृश्य स्पष्ट भऽ जायत । एहि मध्य लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान आइ भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा सँ नव दिल्ली मे भैंट कयलनि। श्री पासवान एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे अगिला लोकसभा चुनावक लेल एनडीए के दिस सँ सीट बंटबारा के अंतिम रूप दऽ देल गेल अछि आ उपयुक्त समय पर एकर जनतब दऽ देल जायत।

---

असदउद्दीन ओवैसी के नेतृत्ववला एआईएमआईएम बिहार मे एगारह लोकसभा सीट सभ पर अपन प्रत्याशी उतारत। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष अख्तरूल ईमान पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे पार्टी किशनगंज, कटिहार,

अररिया, पूर्णिया, दरभंगा, भागलपुर, काराकाट, बक्सर, गया, मुजफ्फपुर आ उजियारपुर लोकसभा क्षेत्र सभ सँ अपन दावेदारी प्रस्तुत करत।

———————————————————————

मुजफ्फरपुर जिलाक रामपुर हरि थाना क्षेत्र अंतर्गत मकसूदपुर मे एक अनियंत्रित ट्रक के चपेट मे अयला सँ चारि पहिया वाहन पर सवार पाँच गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। एहि हादसा मे दस गोटे घायल भऽ गेलाह। एम्हर, रोहतास जिलाक चेनारी थाना क्षेत्र अंतर्गत गायघाट के लऽग एक अनियंत्रित पिकअप वैन के खाई मे उनटि गेला सँ चारि महिला लोकनि के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि पन्द्रह आन गोटा घायल भऽ गेलाह। दोसर दिस कटिहार जिलाक कुर्सेला थाना क्षेत्र अंतर्गत कबीर मठ के लऽग एक बस आ ट्रैक्टर के मध्य भेल टक्कर मे तीन गोटे गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। सभ घायल लोकनिक स्थानीय अस्पताल मे ईलाज चलि रहल अछि।

———————————————————————

पटना सिविल कोर्ट के लऽग एक ट्रांसफॉर्मर मे भेल विस्फोट के घटना मे एक अधिवक्ता के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि चारि आन गोटे गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। मृतक के पहचान सिविल कोर्ट के अधिवक्ता देवेन्द्र कुमार के रूप मे भेल अछि। घायल सभक पीएमसीएच मे ईलाज चलि रहल अछि। हादसा सँ आक्रोशित अधिवक्ता लोकनि सिविल कोर्ट परिसर मे प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————————

समस्तीपुर रेल मंडलक अंतर्गत भगवानपुर देसुआ स्टेशन के लऽग एक मालगाड़ी के पटरी सँ उतरि गेलाक कारण लगभग अढ़ाई घंटा धरि ट्रेन सभक परिचालन बाधित रहल। रेलवे सूत्रक अनुसार सिगनल मे गड़बड़ी के कारण मालगाड़ी भगवानपुर देसुआ स्टेशनक के गेट संख्या चौतीस सी सँ टकरा गेल। एम्हर, रेलवे दुर्घटना के देखैत समस्तीपुर–सहरसा रेल खंड पर चलऽवाली एक जोड़ी पैसेंजर ट्रेन के निरस्त कऽ देलक अछि।

———————————————————————

हस्तकरघा आ बावनबूटी के कलाकार आ पद्मश्री सँ सम्मानित कपिलदेव प्रसाद के आइ बिहार शरीफक बसवन बिगहा गाम मे निधन भऽ गेलनि। ओ बहत्तरि वर्षक छलाह। कपिलदेव प्रसाद के निधन पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन शोक संवेदना व्यत्क कयलनि अछि।

---

कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालय दरभंगा के सैंतालीसम सीनेटक बैसक आइ आयोजित कलय गेल। बैसक के सम्बोधित करैत राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर संस्कृत विश्वविद्यालय के राष्ट्रीय स्तर के बनेबा पर जोर देलनि। ओ कहलनि जे एतऽ आंतरिक पत्राचार संचिका मे टिप्पणी लेखन आ आपसी वार्तालाप संस्कृत मे हेबाक चाही संगहि सीनेट के सदस्य लोकनि के सेहो संस्कृत के ज्ञान हेबाक चाही।

---

शिक्षा विभाग सरकारी विद्यालय सभ मे नव नामांकनक लेल दिशा निर्देश जारी कयलक अछि। एहि मे कहल गेल अछि जे नामांकनक समय छात्र लोकनिक लऽग आधार कार्ड के अलावे जन्म प्रमाण पत्र, अस्पताल अथवा मिडवाइफ पंजीकरण अभिलेख, आंगनबाड़ी अभिलेख, अभिभावक अथवा माता–पिता के दिस सँ देल गेल घोषणा पत्र मे सँ कोनहुँ एक प्रमाण पत्र रहब अनिवार्य अछि।

---

पश्चिम चंपारण के शिकारपुर थाना क्षेत्र सँ पुलिस दस किलो सँ बेसी चरस के संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। बरामद चरस के बजार मूल्य एक करोड़ सँ बेसी जनाओल गेल अछि।

---

बेगूसराय के बछवाड़ा स्टेशन के लऽग रेल पुलिस मालगाड़ी के तीन कंटेनर सँ करोड़ो टाका मूल्यक प्रतिबंधित कोडिनयुक्त सीरप बरामद कयलक अछि।

---

बेगूसराय जिलाक चेरिया बरियारपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत सकरवासा पंचायत वार्ड संख्या पाँच मे आगि लागि गेला सँ छओ मवेशी के जरिकऽ मृत्यु भऽ गेल। एहि घटना मे कतेको घर जरिकऽ छाउर भऽ गेल।

---